

1-3

00:00:17.130 --> 00:00:48.540

Talia Gibas: Bonjou tout moun. Byenvini nan Webinè pre-enskripsyon pou Jistis Rasyal 2030 (Racial Equity 2030), n ap atann anpil nan men patisipan yo pou sesyon sa, poutèt sa m ap jis fè yon poz jiskaskè li sanble nou gen yon bon mas moun ki enskri. Yon lòt fwa, bonjou, oswa bon lajounen selon kote nan mond la ou ye.

4-8

00:00:49.740 --> 00:01:51.660

Talia Gibas: Yon lòt fwa, mèsi paske n ap patisipe nan webinè pou Jistis Rasyal 2030 (Racial Equity 2030). Mwen rele Talia Gibas. Mwen se Responsab Pwogram nan Carrot, ajans ki ap sipòte Lever for Change epi Fondasyon W.K. Kellogg pou defi sa. Kèk pwèn administratif: webinè sa ap anrejistre epi l ap disponib sou paj Novote epi Mizajou sou sitwèb defi racialequity2030.org pi ta nan semèn la. N ap voye anrejistremant an pa imèl pou tout moun ki te anrejistre pou defi a. N ap pibliye tou tradiksyon transkripsyon webinè a an espanyòl, fransè, kreyòl ayisyen, epi pòtigè nan anviwon yon semèn. Tanpri remake se dezyèm webinè pre-enskripsyon nou pwopozè pou defi sa. Premye a te fèt 14 desanm.

9-12

00:01:51.990 --> 00:02:28.920

Talia Gibas: Anrejistremant sa deja disponib sou paj Novote epi Mizajou. Nou ankouraje nou gade l si nou pa fè l deja. Pou moun ki te patisipe nan premye webinè a, tanpri remake kontni pou sesyon sa ap an gwo menm la. Eksepte natirèlman kesyon ou soumèt pandan sesyon an. Nou rezève majorite tan nou pandan pwochen lè yo pou kesyon sa yo. Nan kèk moman, nou pral gade yon videyo byenvini tou kout La June Montgomery Tabron, Prezidan epi PDG nan Fondasyon W.K. Kellogg.

13-15

00:02:29.520 --> 00:03:01.650

Talia Gibas: Apresa Lever for Change ap akeyi nou epi ap ba n yon ide sou Jistis Rasyal 2030. Mwen pral fè yon vizit rapid sou sitwèb defi a avèk kòlèg mwen Ethan Matthews, epi kòlèg mwen Jenny Adams ap ede ouvri l avèk kesyon w yo. Pandan kesyon nou yo ap rive, tanpri tape nan onglè Kesyon ak Repons epi n ap reponn ak pifò kesyon nou kapab nan tan nou genyen an, epi manm ekip nou yo ap tape repons pou kesyon sa yo tou nan onglè Kesyon ak Repons.

16-19

00:03:02.850 --> 00:03:52.920

Talia Gibas: Kèk dat trè, trè enpòtan pou kenbe nan lespri n: dat limit pou enskri pou Jistis Rasyal 2030 se Jedi 28 janvyè a 5pm Lè nan Lès, epi nou dwe enskri pou n kapab kalifye pou soumèt yon demann. Nou prevwa tou de (2) webinè pre-aplikasyon nan kòmansman mwa fevriye. Y ap pataje lyen pou enskripsyon sa yo avèk tout kandida ki enskri yo yon ti tan apre dat enskripsyon an. Si w gen plis kesyon apre sesyon jodiya, ou kapab jwenn nou pa imèl nan questions@racialequity2030.org. E kounya mwen

kontan pou m pase pawòl la vityèlman bay La June Montgomery Tabron, Prezidan epi PDG nan Fondasyon W.K. Kellogg, ki ap akeyi w tou pa videyo.

20

00:03:57.840 --> 00:04:13.020

Bonjou, Mwen se La June Montgomery Tabron epi mwen la nan non W.K. Fondasyon Kellogg, M ap anonse Jistis Rasyal 2030, yon defi mondyal k ap mennen yon chanjman k ap transfòme.

21

00:04:13.800 --> 00:04:29.940

Nan Fondasyon Kellogg, nou konnen chanjman pase pa moun epi aksyon kolektiv yo. Se poutèt sa nou remèt \$90 milyon dola pou alimante solisyon kreyativ e ki reyalizab pou nou ka rive nan jistis rasyal nan pwochen deseni a.

22-25

00:04:31.350 --> 00:05:17.010

N ap lanse defi sa nan lonè 90zyèm anivèsè òganizasyon nou an, men lespri defi sa soti nan fondatè nou an, Will Keith Kellogg. Mr. Kellogg kwè nan moun ak kapasite yo pou yo rete ansanm, reyimajine epi kreye yon pi bon fiti pou pitit yo. Li te vle timoun yo afwonte fiti a avèk konfyans, epi li te pare pou mize lajan l pou pousuiv vizyon sa, menm nan mitan yon kriz mondyal. An 1930, aksyon odasye li a kreye Fondasyon W.K. Kellogg. Pandan n ap mache sou pwochen deseni an, Jistis Rasyal 2030 se apèl nou pou lòt yo nan lespri fondatè nou an.

26-28

00:05:17.910 --> 00:06:03.300

Timoun yo se kè tout sa n ap fè nan Fondasyon Kellogg, men pou timoun yo epanouyi, fanmi yo dwe reponn ak bezwen yo epi kominote yo dwe yon kote opòtinite yo ekitab. Inegalite n ap konstate aklè jodiya montre nou nan ki pwèn nou dwe ale pi lwen pou fè jistis rasyal la pwogrese konsa tout timoun, fanmi yo epi kominote yo kapab pwospere. Si w santi ijans peryòd sa, Jistis Rasyal 2030 se chans ou. Nou envite ekip vizyonè odasye (bold visionaries) yo epi lidè kominotè nan tout sektè yo pou rejwenn defi mondyal sa. An nou reyimajine epi konstrui yon fiti kote jistis rasyal reyalize.

29-31

00:06:19.260 --> 00:06:36.600

Talia Gibas: Ta sanble videyo an te kanpe, men nou kapab pataje lyen pou anrejistreman konplè videyo sa lè n ap voye anrejistreman webinè a tou. E kounya mwen kontan pou m pase Jenna Schomark nan Lever for Change pawòl la pou l swete nou byenvini.

32-34

00:06:38.700 --> 00:07:07.140

Jenna Schornack: Mèsi, Thalia. Bonjou, tout moun. Non mwen se Jenna Schornack. Mwen se Direktè pou Rekonpans (Awards Director) nan Lever for Change. Lever for Change se yon filyal fondasyon MacArthur, e misyon nou se debloke yon kapital filantropik enpòtan epi ede akselere yon chanjman sosyal pozitif sou pi gran defi mond la. Nou rive fè sa gras ak defi tankou Jistis Rasyal 2030 epi Rezo Bold Solutions nou an, yon baz done nou ka konsilte ki gen pi bon pwopozisyon ki verifye ki soti nan tout defi nou yo.

35-37

00:07:08.010 --> 00:07:41.040

Jenna Schornack: Nou kontan travay avèk W.K. Fondasyon Kellogg, ak nou espesyalman kontan konsènan Jistis Rasyal 2030 paske y ap idantifye jiska 10 finalis epi y ap resevwa \$1 milyon dola sibvansyon pou planifikasyon, ansanm ak nèf (9) mwa sipò pou ranfòsman kapasite pou devlope pwòje yo epi konsolide kandidati yo. Y ap seleksyone loreya final yo pami yon gwoup finalis, epi omwen twa loreya k ap resevwa sibvansyon 20 milyon dola yo chak, epi omwen de (2) loreya k ap resevwa sibvansyon 10 milyon dola yo chak.

38-40

00:07:41.550 --> 00:08:21.000

Jenna Schornack: Jodiya, mwen pral pale tout kout konsènan kritè notasyon yo pou ede n konprann sa ki pou nou konstitiye yon pwopozisyon solid. Tanpri remake demann la sou sitwèb Jistis Rasyal 2030 kounya, epi ou kapab kòmanse travay sou li depi n anrejistre. Mwen ankouraje nou tou pou evalye kapasite n pou leve defi sa pandan n ap ranpli zouti preparasyon òganizasyonèl la sou sitwèb la. Ribrik notasyon an ki sou sitwèb la tou prezante kritè y ap evalye pwopozisyon nou an pa kandida pandan egzamen pa pè yo. Panèl evaliyasyon an ap itilize menm ribrik sa si w ta rive nan etap sa.

41-45

00:08:22.290 --> 00:09:16.110

Jenna Schornack: Genyen kat (4) kritè ponderasyon egal, chak gen yon nòt sòti youn (1) pou rive senk (5). Premye kategori notasyon an se "Chanjman Jwèt la." Nou ta renmen wè solisyon ki konstrui ak entansyon pou transfòme politik, pwosesis, enstitisyon, epi estrikti pouvwa yo. Solisyon nou an dwe anrasine nan yon konpreyansyon apwofondi kondisyon ak sistèm yo epi idantifye pwen prensipal Lever for Change pou chanje sistèm sa yo. Solisyon yo kapab atake inegalite sosyal, ekonomik, politik oswa enstitisyonèl n ap wè jodiya. Dezyèm kategori notasyon an se "Jistis." Pwopozisyon n la dwe atake rasin rezilta rasyalize yo epi sistèm inekitab yo. Solisyon ak apwòch nou an dwe baze sou aktif yo epi rekonèt inegalite istorik yo. Nou ta renmen wè kominote ki touche yo epi pòs desizyon yo pran inisyativ pou defini siksè pwòje a.

46-49

00:09:16.740 --> 00:09:52.230

Jenna Schornack: Menm si tèm jistis rasyal la gen konotasyon espesifik nan Etazini, nan yon kontèks mondyal, nou kwè yon sosyete ki ekite sou kesyon ras se yon sosyete kote ni ras ni etnisite pa detèmine chans yo nan rezilta lavi a. Se yon sosyete kote tout gwoup gen posibilite pou yo patisipe, pwospere epi atenn tout potansyèl yo. Selon kondisyon lokal yo, obstak pou vizyon sa kapab anrasine

nan diferans rasyal nou wè yo epi/oswa opresyon ki gen rapò ak etnisite, kast, oswa enjistis ekonomik. M ap ankouraje w li plis sou sa nan kesyon yo poze souvan nan paj akèy sitwèb la.

50/51

00:09:53.220 --> 00:10:14.490

Jenna Schornack: Kategori ki vini apre a se "Odasye," sa ki vle di solisyon ki pwopoze a re-imaginer posibilite yo ak yon apwòch oswa yon solisyon. Pwopozisyon an dwe kreye kondisyon ki ap dire kote timoun, fanmi, epi kominote yo kapab pwospere. Nou swete defi sa se yon opòtinite pou pran ris, konstrui, inovè, epi eksplòre posibilite yo pandan pwochen deseni an.

52

00:10:16.740 --> 00:10:29.550

Jenna Schornack: Sa ap mennen nou nan dènye kritè a, "Reyalizab." Sa pral vrèman konsène ekip ou an, plan w pou w mete l sou pye, epi planifikasyon finansyè. Nou vle wè n nan bon pozisyon pou atenn objektif nou defini nan aplikasyon an.

53

00:10:30.420 --> 00:10:39.360

Jenna Schornack: Tanpri remake ide nan kòmansman oswa nan mitan etap yo byenvini, ansanm ak patenarya ant ekip yo. Mwen ankouraje nou pou verifye ribrik notasyon an sou sitwèb la pou plis detay.

54

00:10:40.470 --> 00:10:49.380

Jenna Schornack: M ap remèt li bay Talia ki soti nan Carrot pou eksplike demann la plis an detay, kritè elijibilite ak lòt aspè Jistis Rasyal 2030.

55-62

00:10:51.390 --> 00:12:07.980

Talia Gibas: Mèsi, Jenna. Yon lòt fwa ankò, mèsi ak tout moun ki rejwenn nou. Donk, jan Jenna te di l la, premye etap pou detèmine si w se yon bon kandida oswa non pou opòtinite sa se zouti preparasyon òganizasyonèl ou ap kapab aksede apati meni prensipal ki ap dewoule a. Zouti sa ap gide w atravè yon kantite kesyon pou detèmine elijibilite w pou defi sa. Defi sa louvri pou òganizasyon tout gwosè epi tout tip, epi ki soti nou kote nan mond la. Tanpri remake tout pwojè ki pwopoze yo dwe gen yon objektif charitab. Epi tou ide ki pwopoze yo dwe anbrase epi reflekte valè jistis rasyal ak lajistis. Li dwe dirije pa yon ekip ki konsantre l sou eksperyans moun viv epi ki gen ladan l kominote ki pi pwòch pwoblèm yo nan kad direksyon pwojè a. Ekip la dwe gen kapasite tou pou li konplete demann lan an anglè epi egzamine ak note egzamen yo soumèt pa pè yo an anglè. Tanpri remake moun sa yo pa elijib pou aplike pou Jistis Rasyal 2030. Donk, si w pase pa zouti preparasyon òganizasyonèl la epi ou te reponn wi pou chak kesyon, nou ap ankouraje w pou w konplete pwosesis anrejistremant an.

63-66

00:12:08.490 --> 00:12:51.510

Talia Gibas: Jan mwen te di sa anvan an, anrejistremman an nesèsè pou n kapab soumèt yon demann. E li trè senp. Ou prale nan kwen siperyè adwat nenpòt ki paj sitwèb la epi klike sou bouton ki ap konte kantite jou ou rete pou w enskri a. Y ap mande n apresa pou kreye epi konfime kont nou an. Apresa, y ap envite nou bay enfòmasyon debaz sou òganizasyon nou an konsa nou kapab pi byen konprann kominote k ap deklare a. Yon remak enpòtan - ou p ap resevwa yon imèl konfimasyon pou enskripsyon ou an. Si nou kapab aksede ak aplikasyon anliy la epi fowòm sou platfòm la, sa vle di nou enskri kòrèkteman pou defi a.

67-69

00:12:53.040 --> 00:13:18.390

Talia Gibas: Jistis Rasyal 2030, menm jan ak tout lòt defi nou yo, anrasine nan valè ouvèti, transparans epi jistis. Nou vle asire tout moun ki enskri epi postile konnen egzaktman sa n ap ret tann de yo, kilè epi kòman y ap note yo, epi kiyès k ap evalye solisyon yo an. Racialequity2030.org konstrui tankou yon gid pedagogik pou konprann pwosesis sa.

70-72

00:13:19.350 --> 00:13:52.380

Talia Gibas: Gen de (2) bon pwèn pou w kòmanse byen konprann kisa defi sa ap chèche. Jenna pale deja konsènan ribrik notasyon an, donk yon lòt resous se Aplikasyon Jistis Rasyal 2030. Epi nou kapab wèl sou sitwèb la, tèks konplè demann la disponib pou tout vizitè yo, tout kesyon, repons, egzijans, epi limit sou kantite mo yo. Demann la gen plizyè seksyon, e nou ankouraje nou reli tout pou n ka pi byen konprann sa n ap bezwen pou soumèt yo.

73-77

00:13:53.760 --> 00:14:36.810

Talia Gibas: Depi n fin fè sa epi nou gade ribrik notasyon an, nou dwe gen yon trè bon lide sou sa nou dwe fè pou postile, epi natirèlman pwochen kesyon an se pou konnen kòman y ap evalye pwopozisyon nou an. Yon lòt ti remak rapid sou ribrik notasyon Jenna te pale sou li pandan anpil tan, mwen vle sèlman repete sit la bay detay sou sa chak trè vle di nan kontèks sa. Donk, lè n ale sou sit la, nou kapab baskile de yon notasyon a yon lòt pou trè yo bay yo epi wè yon fraz k ap ba nou plis detay sou siyifikasyon nòt ki wo oswa fèb pou trè patikilye sa. Yon lòt fwa, sa ap vrèman ede defini kisa ki fè demann solid.

78-86

00:14:37.320 --> 00:16:04.800

Talia Gibas: Se menm zouti sa tou jij komite egzamen pa pè yo epi ekspè yo ap itilize pou note demann yo ap ba yo an. Sa ap mennen nou nan pwosesis notasyon aktyèl la, nou kapab konsilte l sou paj evaliyasyon sitwèb la. Apre dat limit demann lan, tout soumasyon ki elijib yo ap pase an premye pa yon egzamen pa pè. Pandan pwosesis sa, chak kandida prensipal ap note epi kòmante senk (5) kandidati ki soti nan yon lòt òganizasyon pandan y ap itilize men griy notasyon ak sa nou fèk sot gade la. Tout

kandida yo dwe patisipe nan evaliyasyon pa pè yo, pandan y ap egzamine epi note senk lòt kandidati pou yo ka rete elijib pou opòtinite sa. Depi egzamen pa pè yo fini, y ap bay komite ekspè yo yon sou-ansanm demann ki pi byen note yo. Nou kapab konsilte lis manm ki konfime pou panèl ekspè a sou sitwèb la. Nou p ap sèlman resevwa rezilta demann nou yo nan men senk nan moun sa yo, men n ap resevwa kòmantè ekri tou. Paske anplis rezilta nimerik yo, pè evaliyatè yo epi manm panèl ekspè yo dwe bay kòmantè pou jistifye chak nòt epi note enpresyon jeneral yo pou chak demann. De (2) bagay pou note, n ap ajoute plis manm nan panèl ekspè yo lè yo konfime, alò retounen wè nou souvan.

87/88

00:16:05.340 --> 00:16:28.050

Talia Gibas: Nou konstate souvan fidbak patisipan yo resevwa se youn nan aspè pi enpòtan nan patisipasyon yo nan defi nou an. Menm si yo pa seleksyone nou kòm finalis oswa nou pa resevwa yon sibvansyon, nou prale avèk yon fidback ki gen valè n ap kapab itilize apre pou rafine solisyon n yo epi petèt chèche yon lòt finansman oswa sipò ki pi laj.

89-94

00:16:29.430 --> 00:17:33.000

Talia Gibas: Sa mennen nou nan yon lòt kesyon komen nou resevwa. Anpil moun patisipe nan egzamen pa pè yo epi gwoup ekspè yo. Kisa nou fè pou asire nou pwosesis sa jis? Pou reponn ak kesyon sa, nou gen yon paj wèb ki espesifikman konsakre pou eksplike kòman nou nòmalize nòt yo. Mwen te mansyone chak demann ki valid ap note anvan pa senk lòt kandida ak yon sou-ansanm demann ki pi byen note yo, apresa senk(5) manm nan panèl ekspè a ap note l, sa ki vle di tout kandida ak tout jij yo p ap egzamine chak demann. Nou ap veye pou yo pa dezavantaje w, si pa chans yo ba w yon korektè ki di epi yon lòt kandida te egzamine pa yon moun ki natirèlman gen tandans pi endiljan. An rezime tout nòt yo redimansyone epi nòmalize. Yon lòt fwa ankò, paj sa ki rele kondisyon konkirans ekitab eksplike an detay kòman sa fonksyone, epi nou ankouraje nou li plis sou sijè sa.

95-103

00:17:35.400 --> 00:18:55.650

Talia Gibas: Gen kèk lòt eleman sou sitwèb la mwen vle soulinye byen rapid. Premye a se règ paj la. Sou paj sa, nou kapab li dispozisyon legal ki detèmine patisipasyon ekip yo, kritè elijibilite yo, epi aprann plis sou tèms ak kondisyon yo egzijè pou ekip ki ap patisipe yo. Pou fini gen paj nan kalandriye a tou, ki detaye chak etap nan defi a. Kèlke etap enpòtan k ap vini nan kalandriye sa : anrejistreman an, janm te di sa, dwe fèt anvan jedi 28 janvyè a 5pm Lè nan Lès (Eastern time) pou n kapab elijib pou soumèt yon pwopozisyon. Dat limit pou demann la se Jedi 25 Fevriye a 5pm Lè nan Lès. Lè n ap gade apresa, egzamen pa pè yo ap fèt sou yon peryòd plizyè semèn nan kòmansman prentan an. Egzamen yo ap fèt yon fason endepandan pandan peryòd sa, epi kandida yo ap itilize platfòm notasyon anliy nou an pou evalye epi kòmante kandidati yo ba yo a. Nou lib pou w klike sou lòt eleman nan yon kalandriye pou wè tout lòt dat prensipal ki gen rapò ak defi an.

104-108

00:18:57.120 --> 00:19:51.300

Talia Gibas: Sitwèb la genyen kèk lòt domèn itil tankou Nouvote ak Mizajou. Se la n apibliye anrejistreman webinè sa epi n ap kapab jwenn anrejistreman webinè desanm nan. Genyen tou yon lis kesyon yo poze souvan sou prensipal sit aterisaj la (main landing). Nou ankouraje nou pou n reli tout sa si n poko fè sa. Sou pwèn sa, mwen kontan pase nan pati kesyon ak repons sesyon sa. Tanpri kontinye ajoute kesyon nou yo nan onglè kesyon ak repons lan epi n ap trete yo jan nou kapab nan tan nou genyen an. Tanpri note pou asire jistis, nou pa kapab bay konsèy espesifik ak solisyon nou pwopoze a, poutèt sa nou ankouraje n pou itilize zouti preparasyon òganizasyonèl la epi konsilte paj sitwèb yo pou ede n detèmine si solisyon nou pwopoze a solid.. Sou pwèn sa, nou gen kòlèg mwen, Jenny, pou ede nou reponn ak kesyon w yo.

109-111

00:19:53.520 --> 00:20:19.350

Jenny Adams: Mèsi, Talia. Jan Thalia di l la, m ap li kesyon yo fò, epi kòlèg mwen yo ap reponn a loral nan telefòn la. Nou ap pase sou valè kesyon nou kapab pandan 40 pwochen minit yo anviwon. M ap lanse m nan avanti a. Premye kesyon : asosyasyon mwen an ki pa la pou fè pwofi popiplè epi ase resan. Èske mwen vrèman gen yon chans pou m jwenn sibvansyon sa oswa èske se yon sibvansyon ki la pou òganizasyon etabli ki vle pousuiv nouvo ide pou fè jistis rasyal la pwogrese ?

112-116

00:20:21.030 --> 00:21:10.080

Jenna Schornack: Wi, donk youn nan objektif fondasyon W.K Kellogg lè l te kreye defi sa se asire l li ouvri pou òganizasyon ki pa nesèsman etabli yo oswa yo konnen deja nan sèk filantwopik yo. Nou ankouraje w itilize zouti preparasyon òganizasyonèl la sou sitwèb la, epi si w gen yon ide ki reponn ak prezantasyon kritè yo nan yon ribrik notasyon, nou espere ou anvizaje patisipe. Tanpri note youn nan kritè ribrik la se "Reyalizab," epi li konsène espesifikman kesyon ki gen rapò ak kapasite pou mete sou pye pwojè ki pwopoze a w ap idantifye nan kandidati w la. Selon sa w gen nan tèt ou, nou envite w aplike, epi ou kapab panse tou ak yon patenarya avèk yon lòt òganizasyon sou yon pwopozisyon.

117

00:21:12.780 --> 00:21:23.370

Jenny Adams: Si nou aplike pou defi Jistis Rasyal la, èske sa ap anpeche nou patisipe nan lòt sibvansyon avèk W.K. Èske Fondasyon Kellogg separe epi pa fè pati defi a?

118-120

00:21:24.840 --> 00:21:45.000

Talia Gibas: Non, se pa sa. Si w aplike w ap toujou elijib pou lòt sibvansyon ki soti nan W.K. Kellogg. Menm si nou ankouraje w pou bay yon pwopozisyon pou Jistis Rasyal 2030 ki pa sou okenn lòt pwojè Fondasyon Kellogg ap finanse aktyèlman si w se benefisyè yon sibvansyon.

121

00:21:47.670 --> 00:21:54.060

Jenny Adams: Nou ta renmen konnen si diskriminasyon rasyal anndan diskrimasyon tribal la tou ?

122/123

00:21:56.460 --> 00:22:27.150

Jenna Schornack: Wi, diskriminasyon tribal kapab abòde nan defi sa paske li kapab gen rapò ak sekèl kolonyalis yo. Nou rekonèt tèm "Jistis Rasyal" la gen konotasyon espesifik Etazini. Nan kontèks sa, nan yon kad global, defi a ap cheche fè avanse jistis nan estrikti klasman, politik, sistèm epi pratik dezimanizasyon ki ap pèpetye disparite pou gwoup etnik rasyal yo nan yon kontèks lokal. Donk wi, li kapab ajoute.

124

00:22:29.730 --> 00:22:35.400

Jenny Adams: Èske yo preskri epi/oswa egzije bidjè ak pri nan kategori yo?

125-130

00:22:37.740 --> 00:23:25.710

Talia Gibas: Si w ale sou paj kandidati sitwèb la, w ap wè gen yon seksyon sou bezwen pou resous yo. Nan seksyon sa, w ap jwenn kèk diretriv pou bidjè yo ki site. W ap wè tou gen yon modèl tablo debaz yo bay pou bidjè a ki egziste. Bidjè a ta dwe ase wo epi li ta dwe kouvri yon peryòd 10 lane. Li toutafè nòmal pou ajoute kategori jeneral ak chif fòfetè. Modèl la ase senp, men nou vle asire n egzaminatè yo ap gen yon trè bon lide sou kòman nou gen entansyon itilize 20 milyon dola yo. Si yo seleksyone nou kòm finalis, y ap mande nou pou n bay dokiman bidjetè ki detaye pi plis.

131

00:23:28.980 --> 00:23:34.890

Jenny Adams: Kòm defi a ap gen yon pòte mondyal, kòman nou pral evalye enpak la?

132-136

00:23:37.140 --> 00:24:11.070

Jenna Schornack: Nou ap ankouraje w konsilte ribrik notasyon an pou plis enfòmasyon sou kijan yo pral evalye pwopozisyon yo. Yo pa pale aklè sou enpak la tankou yon kategori apa, men li enplisit nan tèm "chanjman jwèt," "ekitab," epi "odasye." Nou p ap atann nou pou solisyon nou pwopoze a gen yon enpak global, men reflechi pito sou jan pou n abòde kritè ribrik la pou kominote patikilye ou an. Nou ap chèche vrèman pou nou epi kominote ki pi touche ak solisyon nou an defini sa nou konsidere tankou yon "enpak" – epi objektif nou an.

137

00:24:14.370 --> 00:24:20.910

Jenny Adams: Èske Pwotokòl Akò yo dwe siyen epi egzekite anvan prezantasyon demann la ?

138-142

00:24:23.220 --> 00:24:55.980

Jenna Schornack: Non, nou pa gen pou bay Pwotokòl Akò yo nan kad soumisyon epi demann nou an. Men, si w ta vin yon finalis, n ap mande w pou bay yon Pwotokòl Akò siyen, epi yo bay detay konsènan egzijans pwotokòl akò sa yo sou sitwèb la nan demann la si w ta renmen wè sa nou kapab mande. Pou etap sa nan defi a, yo pa egzije Pwotokòl Akò a. Gen yon kesyon ki sèlman mande si nou gen youn anplas oswa si nou prevwa gen youn anplas oswa si nou pa prevwa gen youn, men ou pa bezwen soumèt aktyèl pwotokòl akò a.

143

00:24:58.500 --> 00:25:05.010

Jenny Adams: Yon lòt bagay ki gen rapò, èske lèt sipò ak akò pou siyati yon Pwotokòl Akò ap fonksyone ?

144/145

00:25:07.230 --> 00:25:27.720

Talia Gibas: Pou repete sa Jenna sot di a, nou pa egzije Pwotokòl Akò an nan etap sa nan konkou an epi pa gen opsyon pou telechaje yon pwotokòl akò oswa lèt sipò, sou fòmilè demann la, donk yo pa egzije ni youn ni lòt epi nou pa kapab soumèt yo nan etap sa nan konkou a.

146

00:25:30.210 --> 00:25:35.910

Jenny Adams: Kòman yo bay pwèn pou videyo konpozan (video component) an pa rapò ak evalyasyon notasyon an ?

147-152

00:25:38.130 --> 00:26:32.220

Jenna Schornack: Nou ankouraje pè evalyatè yo ak ekspè yo pou yo bay yon nòt ki baze sou ansanm demann la, ki gen ladan l videyo a. Yo vrèman ankouraje kandida ak evalyatè yo pou yo konsantre yo sou kontni videyo yo, men pa sou valè pwodiksyon an. Nou vrèman ankouraje nou pou n pa depanse lajan oswa pwodiksyon videyo pwofesyonèl pou videyo a. Pifò kandida yo souvan fè yon videyo bazik tèt yo kote y ap pale avèk yon iPhone oswa òdinatè kote yon moun ap entwodui ekip la epi dekri solisyon an. Nou te fè kèk analiz ki montre videyo ki parèt pi chè epi byen fèt yo pa jwen an mwayèn yon nòt pi wo pase lòt pwopozisyon ki pi byen klase yo ki pa t envesti nan videyo a. Nou vrèman ankouraje nou kenbe videyo nou an nan nivo pwodiksyon debaz.

153-155

00:26:34.830 --> 00:26:57.480

Jenny Adams: Mwen fè pati yon òganizasyon ki Ozetazini. Pandan brainstorming ki fèt anvan enskrisyon an, pati enterese nan òganizasyon nou an reyalize nou ka swete kolabore avèk òganizasyon ki aplike tou

pou pri sa yo. Ant dat limit enskripsyon an ak dat limit soumisyon an, èske ap gen yon mwayen pou òganizasyon yo konbine oswa kwaze san yo pa pwovoque konkirans pou yon pwojè ki menm ?

156-161

00:26:59.100 --> 00:27:58.200

Talia Gibas: Jan nou te di l la, depi nou fin enskri nan defi sa, n ap gen aksè ak fowòm kandida ki dèyè sitwèb la, epi fowòm sa yo se bon kote pou poste mesaj bay lòt ekip ki enterese pa Jistis Rasyal 2030 e ki planifye petèt pou yo patisipe. Nou ankouraje w ale la. Si n ap chèche kolabore avèk lòt òganizasyon, tanpri remake chak kandida kapab soumèt yon sèl rantrè oswa yon sèl demann. Nou kapab soumèt plizyè pwopozisyon pou menm òganizasyon an, si nou gen manm ekip diferan. An jeneral, nou vrèman konseye ekip yo pou yo konsantre sou yon sèl efò ki reponn ak kritè ki site nan ribrik notasyon an. Tanpri remake tou chak aplikasyon ap bezwen yon sèl anrejistreman.

162

00:28:00.660 --> 00:28:07.080

Jenny Adams: Èske LLCs (Sosyete Ameriken ki gen Responsabilite Limite, SARL) yo kapab prezante yon demann oswa òganizasyon an dwe pa fè pwofi ?

163-166

00:28:09.120 --> 00:28:43.290

Talia Gibas: Non, li pa nesesè pou òganizasyon an pa fè pwofi. Jistis Rasyal 2030 resevwa kandidati nan men òganizasyon ak antite ki gen yon egzistans legal epi yon estrikti jiridik yo rekonèt selon lwa ki aplikab nan jiridiksyon kote yo òganize yo a oswa lokalize yo a. Yon lòt fwa ankò, se yon defi mondyal donk tout tip ak tou gwosè òganizasyon byenvini. Men jan nou te di sa anvan, tout pwojè yo dwe gen yon objektif charitab pou w ka patisipe.

167

00:28:46.200 --> 00:29:00.510

Jenny Adams: Èske ou kapab di nou ki tip vwayaj yo pa otorize nan kad sibvansyon an. Si pa egzanp, yon pati nan pwopozisyon nou an se pou fòme moun yo pou yo chanje disiplin yo epi y ap bezwen vwayaje kote santral la, èske n ap kapab pran frè depasman yo sou responsabilite nou?

168-170

00:29:02.730 --> 00:29:33.120

Talia Gibas: Mwen kwè kesyon sa fè referans ak yon nòt nan règleman an ki entèdi sou-sibvansyon pou vwayaj oswa etid pou moun yo. Yo pa otorize sibvansyon sa yo pou moun yo pou vwayaj, epi se pa yon itilizasyon akseptab pou fon yo. Menmsi, nou ka prevwa nan bidjè nou an depasman ki fè pati pwojè nou pwopoze yo epi ki kapab gen eleman tankou ranbousman oswa lajan pa jou (pèdiyèm) pou moun yo. Sa ka entegre nan bidjè nou an.

171

00:29:36.000 --> 00:29:42.840

Jenny Adams: Si yo pa seleksyone nou, kòman y ap pwoteje lide ki nan pwojè nou an lòt moun te egzamine a?

172-174

00:29:45.120 --> 00:30:11.160

Jenna Schornack: Se yon defi ki ouvè, epi jan nou te di l la, pwopozisyon w la ap egzamine pa omwen senk (5) kandida epi omwen senk (5) evalyatè, epi nou pa mande evalyatè yo siyen yon akò konfidansyalite (Non-disclosure agreement, NDA). Nou mande nou pou n pa bay nan demann nou an enfòmasyon konfidansyèl oswa enfòmasyon ou pa ta renmen pataje avèk lòt patisipan nan defi an.

175

00:30:14.580 --> 00:30:22.710

Jenny Adams: Èske nou dwe soumèt bidjè soutretan yo oswa patnè yo nan kad dosye pwopozisyon an, oswa jis site yo?

176-181

00:30:24.390 --> 00:31:17.820

Jenna Schornack: Nan bidjè an, nou vrèman ta renmen wè gwo liy yo sou kòman nou pral afekte sibvansyon 20 milyon dola pou mete solisyon nou yo sou pye. Sa n ap chèche vrèman se yon pi bon konpreyansyon sou priorite w yo epi kòman nou pral pran an konsiderasyon bagay tankou swivi, aprantisaj epi evalyasyon. Nou kapab gade bagay yo nan yon nivo ki pi wo pou kategori tankou anplwaye, vwayaj, epi depans investisman yo. Nou imajine tou egzaminatè yo ap gade bidjè sa pou evalye kritè reyalizab pwojè ou an epi konpreyansyon reyalis nou genyen sou pri yo ak aktivite ki nesèsè pou mete solisyon an sou pye. Nou p ap bezwen twòp detay sou soutretan oswa patnè yo, epi nou kapab pa menm bezwen idantifye kèk nan yo. Pa egzanp, nou kapab pa idantifye patnè pou swivi, aprantisaj ak evalyasyon nou an nan etap sa, e sa nòmal.

182

00:31:20.610 --> 00:31:26.730

Jenny Adams: Epitou, èske y ap bay yon modèl bidjè avèk demann la?

183-185

00:31:28.770 --> 00:31:52.140

Talia Gibas: Wi. Si w ale nan paj demann sou sitwèb la epi ou desann apre sa ale nan seksyon bezwen pou resous yo, ou kapab wè yo bay yon modèl ki ase senp. Bidjè a dwe nan yon nivo ki wo, epi n ap itilize menm modèl sa pou mete atik nou yo nan do demann la.

186

00:31:55.380 --> 00:32:10.620

Jenny Adams: Nou se yon òganizasyon nasyonal ki gen plis pase 25 manm afilye. Nou planifye pou mennen yon pwosesis sibvansyon pou distribiye fon yo epi nou poko konnen ki zòn k ap aplike oswa k ap resevwa l. Kòman nou ta dwe trete kesyon ki gen rapò ak zòn yo?

187-190

00:32:12.480 --> 00:32:39.630

Jenna Schornack: Nou jis mande nou pou w bay enfòmasyon ki pi klè posib nan demann la. Si genyen desizyon ki ouvè toujou konsènan zòn egzak travay la ye, pa egzantp, nou kapab abòde kesyon sa yo nan seksyon narativ demann nou an epi di kòman nou ka fè pou pran desizyon sa yo. Bay enfòmasyon ki pli klè nou genyen lè nou dwe site zòn nou prevwa pou travay yo.

191

00:32:42.420 --> 00:32:53.100

Jenny Adams: Èske yo otorize sibvansyon pou patnè yo? Se yon pwosesis demann pou kandida kalifye yo ki dwe konsidere tankou patnè pou devlopman epi mete sou pye solisyon yo.

192-195

00:32:55.590 --> 00:33:38.490

Jenna Schornack: Fon yo kapab sou finanse pa yon kandida pou mete sou pye solisyon yo pwopoze a, men pa pou fon jeneral yo ki pral itilize pou objektif pi laj yo. Tanpri konnen nou pa bezwen idantifye tout patnè nou yo pandan etap devlopman an. Nou imajine detay sa yo ap regle epi n ap ka ajoute plis patnè pandan n ap wè feblès nan plan pou mete solisyon yo sou pye. Men objektif defi sa se pa pou kreye yon fondasyon oswa yon sòt òganism sibvansyonman, men nou otorize sibvansyon sekondè pou mete solisyon nou an sou pye si se sa ki nesèsè.

196/197

00:33:39.180 --> 00:34:01.380

Jenny Adams: Ide pwojè nou an se yon pwojè kominotè nan yon gran echèl ki enplike plizyè domèn diferan tankou agrikilti, fabrikasyon, edikasyon, atizana, maketing, medya sosyal, epi gouvènman lokal yo. Èske Fondasyon W.K. Kellogg ap finanse yon sibvansyon planifikasyon pou devlope yon plan aksyon pou pwojè jistis rasyal nou an nan rejyon Mayan nan Valladolid Yucatan ?

198-200

00:34:05.550 --> 00:34:41.310

Jenna Schornack: Ap gen yon ane pou 10 finalis yo seleksyone yo. Yo chak ap resevwa yon sibvansyon planifikasyon \$1 milyon dola pou devlope plan yo an pi plis epi pwopozisyon pou mete sou pye solisyon yo te idantifye nan demann anvan an. Nou prevwa ap gen anviwon yon lane epi yon sibvansyon

planifikasyon \$1 milyon dola pou planifye tout bon kòmman nou pral mete solisyon an sou pye. Men li evidan nou p ap kapab fè kòmantè sou nati egzak pwopozisyon nou an.

201

00:34:43.830 --> 00:34:50.820

Jenny Adams: Nan ki mezi pwofil nimewo DUNS (Data Universal Numbering System, DUNS) yon òganizasyon dwe fèt, epitou èske yon DNS nesèsè ?

202-204

00:34:52.830 --> 00:35:18.390

Talia Gibas: Demann la dwe gen yon nimewo idantifikasyon òganizasyon an epi yon nimewo idantifikasyon otorite fiscal ou an ba w, li kapab Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service) si nou Ozetazini. Men kòm se yon opòtinite mondyal, I ap parèt diferan selon kote nou ye a. Yo pa mande espesifikman yon nimewo DUNS.

205

00:35:21.270 --> 00:35:26.790

Jenny Adams: Èske gen yon preferans pou òganizasyon ki ap sèvi plizyè popilasyon?

206-208

00:35:28.830 --> 00:35:51.930

Jenna Schornack: Non nou pa gen preferans, epi nou p ap atann pou pwojè yo sèvi plizyè popilasyon. Nou ap atann pou pwopozisyon nou an genyen ladan I kominote ki pi touche ak pwoblèm lan epi yo ajoute I nan pwosesis desizyonèl la, men nou pa gen preferans pou n travay avèk plizyè popilasyon oswa nan yon kontèks mondyal.

209

00:35:54.900 --> 00:36:02.760

Jenny Adams: Èske bidjè a ta dwe konsantre I sou premye ane planifikasyon an oswa prevwa tout dis (10) lane depans yo?

210

00:36:04.560 --> 00:36:14.670

Jenna Schornack: Bidjè ak demann nou an dwe montre peryòd 10 lane n ap mete sou pye a pou \$20 milyon, epi li pa nesèsè pou ajoute ane planifikasyon an.

211

00:36:17.880 --> 00:36:24.810

Jenny Adams: Èske nou dwe ajoute sitasyon nan repons yo oswa sèlman nan seksyon ki la pou sa a?

212-215

00:36:27.180 --> 00:36:49.800

Talia Gibas: Nou ankouraje nou pou nou itilize seksyon ki la pou referans yo. Tanpri remake tou, nou pa dwe itilize lyen oswa URL n ap ajoute nan seksyon sa pou kontounen limit mo yo mande a. Gen yon seksyon ki la nan demann la kote nou kapab ajoute referans ak sous ekstèn yo.

216

00:36:52.980 --> 00:37:11.370

Jenny Adams: Èske fondasyon an gen konsèy sou kritè notasyon pou òganizasyon ki konsantre an menm tan sou pwogramasyon ak chanjman politik epi ki genyen nan pwopozisyon lan objektif pwogram ki la pou etidye epi difize domèn enfòmasyon piblik, kontra epi politik ki poko dekouvri?

217-221

00:37:14.670 --> 00:38:06.750

Jenna Schornack: Nou vrèman ankouraje nou gade griy notasyon an, espesyalman sa ki konsène chanjman jwèt la epi konsantre vrèman sou kijan solisyon nou an, menm si se nan domèn politik, pwogramasyon oswa yon tip rechèch ap chanje règ jwèt la nan transfòme politik yo, pwosesis, enstitisyon oswa estrikti pouvwa yo. Mwen ta ankouraje nou tou pou n apiye nou sou jistis, si nou konsantre nou sou yon tip rechèch, epi rechèch sa genyen ladan l kominote ki pi touche yo pa solisyon an, egzaminatè yo pral evalye nou sou pwèn sa. Mwen vrèman ankouraje nou gade kritè notasyon yo epi imajine kòman egzaminatè yo ap evalye solisyon nou pwopoze nan kategori sa yo.

222/223

00:38:09.660 --> 00:38:17.760

Jenny Adams: Èske yon moun kapab patisipe nan de (2) òganizasyon diferan, espesyalman kòm ekip direksyon pou defi sa ?

224-226

00:38:20.100 --> 00:38:48.030

Talia Gibas: Non ou pa dwe chèf ekip sou plis pase yon (1) pwopozisyon. Jan nou te di sa deja, li posib pou òganizasyon yo, espesyalman òganizasyon ki gen filyal oswa inivèsite ki gen plizyè depatman oswa lekòl yo, soumèt plis pase yon demann, men pwopozisyon yo dwe separe epi diferan. Pa ta dwe gen okenn manm ekip ki sou plizyè pwojè alafwa.

227

00:38:51.060 --> 00:38:59.340

Jenny Adams: Èske demann sibvansyon an pèmèt nou mete sèlman senk (5) zòn nan aplikasyon sibvansyon an oswa li posib pou w mete plis pase senk (5) ?

228-233

00:39:01.650 --> 00:39:48.030

Talia Gibas: Seksyon sa nan demann la limite w ak senk (5) zòn. Nou ankouraje w chwazi senk ki koresponn pi byen ak solisyon nou pwopoze an. Tanpri note nou byenvini epi nou ankouraje nou pou nou pi espesifik pandan tout istwa a nan sa ki konsène tout dimansyon jewografi pwopozisyon w la vize. Demann la genyen tou yon seksyon "lòt konsiderasyon" ki bay espas pou nou bay kontèks anplis si w panse senk (5) kote ou seleksyone yo pa byen dekri tout dimansyon sa w gen entansyon fè a.

234

00:39:50.910 --> 00:40:04.140

Jenny Adams: Kesyon ki menm ak sa yo te poze anvan: Mwen enterese pou m kolabore avèk lòt moun men m pa konn kijan pou m jwenn moun sa yo. Èske gen yon platfòm oswa yon fowòm diskisyon kote mwen kapab pataje enterè ak enfòmasyon mwen yo avèk lòt kandida?

235-237

00:40:05.790 --> 00:40:33.960

Talia Gibas: Wi genyen youn e se fowòm kandida yo. Si nou reponn ak kondisyon zouti preparasyon òganizasyonèl la, nou ankouraje n enskri nan Jistis Rasyal 2030. Yon fwa nou fè sa, n ap gen aksè ak fowòm yo kote n ap kapab poste mesaj epi reponn ak mesaj kòlèg nou yo ki enterese ak defi a tou poste.

238

00:40:36.600 --> 00:40:47.490

Jenny Adams: Zouti preparasyon an pa di nou pral egzamine yon òganizasyon pou n konnen kòman li kapab trete \$20 milyon dola, men mwen panse li rezonab pou n fè sa. Èske nou dwe di nou kapab?

239-244

00:40:49.620 --> 00:42:00.570

Jenna Schornack: Youn nan objektif defi sa se asire l li ouvri pou òganizasyon ki pa nesèsèman etabli yo oswa sèk fondasyon yo konnen byen deja. Si nou gen yon ide ki reponn ak griy notasyon an epi nou pran zouti preparasyon òganizasyonèl la, nou espère n ap patisipe epi n ap byen gade kritè ki konsène reyalizasyon an e ki pale tout bon sou kesyon kapasite nou genyen pou n mete sou pye pwojè ki pwopoze a. Mwen ap ensiste tou sou defi a ki la pou chèche ide inovan ak odasye epi ide ki nan kòmansman ak nan mitan etap yo byenvini. Anplis, nou prevwa ane planifikasyon ak sibvansyon sa espesifikman pou ede òganizasyon yo prepare yo epi pare pou yo absòbe yon gwo kantite lajan, ki gen ladan l \$20 milyon oswa \$10 milyon sibvansyon. Pandan peryòd sa nou fè kèk aktivite dilijans ki rezonab.

Nou bay tou yon sipò pou ranfòsman kapasite yo ak pou planifikasyon estatejik epi nou travay avèk chak ekip pou fè yon plan sou kòman l ap absòbe yon gwo sibvansyon.

245/246

00:42:03.360 --> 00:42:27.810

Jenny Adams: Kòman pwojè ki pa gen sitwèb yo ka pa dezavantaje pa rapò ak konkirans lan ? Jistis rasyal la se yon kesyon konplèks ki mande solisyon konplèks ak odasye, nou ankouraje w kreye yon sitwèb pou w ka nan pozisyon pou w eksplike plis an detay solisyon nou pwopoze an. Sinon, kòman yo bay pwèn pou sitwèb konpozan (website component) an pa rapò ak evalyasyon notasyon an ?

247-250

00:42:29.280 --> 00:43:00.540

Jenna Schornack: Nou mande w pou w mete sitwèb ou an sou demann lan. Men si w pa gen youn sa pa pwoblèm. Nou vrèman ankouraje egzaminatè yo, ansanm ak pè ekspè yo epi ekspè egzaminatè yo, pou yo evalye pwojè a dapre kontni demann lan ak repons nou yo. Nou pa egzije pou moun yo klike sou lyen yo oswa gade pi lwen nan sa ki nan seksyon narativ dokiman ou bay nan demann ou an. Sa pa fè pati griy notasyon an ak jan yo pral evalye ou an.

251/252

00:43:03.450 --> 00:43:14.010

Jenny Adams: Èske benefisyè aktyèl sibvansyon WKKF ki nan yon pwogram ki egziste ap kapab itilize finansman sa pou agrandi pwogram la nan echèl rejyonal oswa nasyonal ?

253-256

00:43:15.720 --> 00:43:47.130

Jenna Schornack: Benefisyè sibvansyon Kellogg yo byenvini pou aplike, men nou vrèman ankouraje w pou soumèt yon pwojè ki pa menm jan ak yon pwojè Kellogg deja finanse. Si echèl rejyonal oswa nasyonal la diferan tou piti pou sa Kellogg deja ap finanse w la, nou pèmèt li, men nou ankouraje w pou pa twò melanje yo.

257

00:43:50.370 --> 00:43:54.090

Jenny Adams: Èske lekòl piblik yo elijib pou aplike ?

258/259

00:44:00.660 --> 00:44:22.710

Jenna Schornack: Ajans gouvènmantral yo kapab patisipe si pwojè yo a charitab oswa edikatif epi si aktivite y ap pwopoze yo pa sèvis ki kouvri jeneralman pa resèt fiskal yo. Sa kapab difisil avèk lekòl piblik yo. Si nou gen yon kesyon espesifik sou pwojè nou an nou kapab jis voye yon imèl pou nou epi n ap kapab bay plis detay sou li.

260/261

00:44:25.680 --> 00:44:32.610

Jenny Adams: Kesyon ki parèy, èske antite piblik ak etatik ki anndan òganizasyon ki pa fè pwofi yo elijib ?

262-266

00:44:33.840 --> 00:44:54.870

Jenna Schornack: Wi, menm bagay pou lekòl piblik yo, ajans gouvènmantal yo kapab patisipe si pwojè yo a charitab, jan nou te di l la epi si aktivite y ap pwopoze yo pa sèvis ki kouvri jeneralman pa resèt fiskal yo. Nou pale anpil sou sa nan règ yo sou sitwèb la.

267/268

00:44:57.390 --> 00:45:01.350

Jenny Adams: Ki diferans ki genyen ant patnè ak kolaboratè ?

269/270

00:45:04.470 --> 00:45:29.730

Jenna Schornack: Yo itilize yon fason ki ka chanje. Nou mande nou pou n mete patnè prensipal yo nan demann la. Li kapab moun ou n ap kolabore, soutretan, lòt òganizasyon n ap soumèt avèk yo. Nou dwe idantifye òganizasyon ki nan tèt la, sa vle di òganizasyon ki la pou jere pwojè an e ki ap benefisyè sibansyon an, men nou itilize tèm sa yo yon fason ki ka chanje.

271-273

00:45:32.280 --> 00:45:54.990

Jenny Adams: Òganizasyon nou an se United Way, ki ap prezante kandidati l kòm kandida prensipal avèk de (2) lòt patnè kominotè. Pwojè sa ap nouvo epi l ap fonksyone yon fason ki separe avèk pòtfèy investisman kominotè United way. Èske United Way elijib kòm kandida prensipal pou pwojè sa, menm si tradisyonèlman yo konsidere l tankou yon agregatè fon?

274/275

00:45:58.020 --> 00:46:27.480

Jenna Schornack: Dwe gen yon òganizasyon prensipal ki kreye kòm antite jiridik pou absòbe sibvansyon an. Si se United Way k ap aji tankou yon esponsò fiskal oswa nou deja monte yon òganizasyon separe pou jere epi absòbe sibvansyon an, nan tou de ka yo li bon. Si objektif United Way, kòm kandida prensipal se pou sibvansyone solisyon n ap mete sou pye an, li bon.

276

00:46:29.850 --> 00:46:40.770

Jenny Adams: Kèk seksyon nan demann la di espesifikman y ap egzamine yo pa pè ak jij yo, èske gen eleman nan demann la ki p ap konte nan evaliyasyon an ?

277/278

00:46:43.050 --> 00:47:02.760

Talia Gibas: Wi, genyen. Gen yon seksyon nan demann la, e li make jij ak pè yo p ap gade l, men, pi gwo majorite nan demann la ap vizib. Tanpri pa bliye gade l lè w ap li demann lan.

279

00:47:05.100 --> 00:47:11.370

Jenny Adams: Èske òganizasyon relijye yo oswa òganizasyon ki baze sou lafwa yo elijib pou aplike?

280

00:47:15.690 --> 00:47:22.680

Jenna Schornack: Wi, depi yo reponn ak kritè yo site nan règ yo, yo elijib pou yo aplike.

281

00:47:25.290 --> 00:47:35.580

Jenny Adams: Lè w di ap gen omwen twa benefisyè \$20 milyon, sa vle di kapab gen plis pase twa? E ki valè mwayen sibvansyon endividyèl yo ?

282-284

00:47:37.200 --> 00:47:51.120

Jenna Schornack: Nou prevwa genyen twa (3) benefisyè \$20 milyon dola epi de (2) benefisyè \$10 milyon dola. Chak nan dis (10) finalis sa yo ap resevwa tou yon sibvansyon yon (1) milyon dola pou planifikasyon.

285

00:47:54.000 --> 00:48:02.010

Jenny Adams: Èske yon òganizasyon kapab soumèt plis pase yon (1) demann si pwogram yo diferan nèt epi p ap fè doub travay?

286-290

00:48:07.230 --> 00:48:57.870

Talia Gibas: Si w se yon branch rejyonal oswa lokal yon gwo òganizasyon oswa, pa egzanp, yon lekòl depatmantal oswa yon asosyasyon ki pa la pou fè pwofi ki fè pati yon kolèj oswa yon sistèm inivèsite, oswa si w gen yon kantite filyal, ou kapab enskri. Ou kapab gen yon òganizasyon ki ap anrejistre epi soumèt plizyè demann. Men, yon fwa ankò, jan nou te di l anvan, solisyon an dwe diferan epi apa epi manm ekip yo pa dwe menm. N ap vrèman ankouraje nou konsantre efò nou sou yon sèl antre epi reflechi tout bon ak pi bon fason pou pwopoze yon solisyon ki kapab pi byen reponn ak kritè notasyon yo.

291

00:49:00.270 --> 00:49:06.540

Jenny Adams: Èske gen dosye ansyen benefisyè oswa lang demann anvan yo nou kapab konsilte ?

292

00:49:08.460 --> 00:49:23.820

Jenna Schornack: Nou kontan pou nou di se premye fwa n ap lanse defi Jistis Rasyal 2030. Nou pa gen egzanp ansyen bousye ak langaj kandidati pou pataje avèk nou.

293

00:49:26.040 --> 00:49:35.220

Jenny Adams: Èske òganizasyon an kapab se pwojè fiskal yo oswa yo dwe konstitiyè an sosyete? Èske nou kapab itilize yon esponsò fiskal si nou se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi?

294-297

00:49:37.020 --> 00:50:14.400

Talia Gibas: Wi, nou kapab itilize yon esponsò fiskal. Nan ka sa esponsò fiskal la dwe kandida prensipal la ak kandida anrejistre a. Gen yon seksyon nan demann la, nan seksyon poukisa ekip ou an, kote ou kapab eksplike an detay relasyon ant esponsò fiskal la ak rès ekip ou an epi eksplike nèt wòl ak responsabilite yo. Wi, nou kapab fè yon demann si n gen yon esponsò fiskal, men tanpri asire n nou prezize tout relasyon sa yo lè n ap rakonte rezon demann nou an.

298

00:50:16.980 --> 00:50:30.090

Jenny Adams: Nan W.K. Kelloggs nan pwosesis sibvansyon an, mwen konnen yo bay timoun piti yo priyorite, èske yon òganizasyon ki pa ofri sèvis dirèk pou timoun piti yo kapab leve defi sa ?

299-303

00:50:32.640 --> 00:51:29.730

Jenna Schornack: Objektif defi sa genyen ladan l transfòmasyon sistèm ak enstitisyon ki kenbe inegalite yo pou kapab amelyore lavi timoun yo nan tout mond la. N ap chèche ide ki pote yon chanjman transfòmasyonèl ak politik, pwosesis enstitisyon ak estrikti pouvwa yo, pwopozisyon ki atake l ak kòz pwofon rezilta rasyalize ak sistèm inekitab yo epi solisyon ki santre kominote ki plis touche ak pwoblèm la. Menm si nou p ap atann nou pou solisyon ki pwopoze yo chanje sèlman lavi timoun yo, nou espere solisyon ki kenbe yo ak gen yon enpak alontèm epi jenerasyon fiti yo ap ka pwofite. Nou ankouraje nou gade griy notasyon an pou nou ka konnen priyorite nou yo, men nou p ap bezwen konsantre n dirèkteman sou sèvis pou timoun piti yo pou leve defi sa.

304

00:51:32.490 --> 00:51:46.290

Jenny Adams: Èske gen yon limit sou konbyen nan finansman an ki kapab konsakre ak lòbi debaz yo pou òganizasyon ki konsantre anpil sou defans politik yo kòm mwayen pou chanje sistèm yo ?

305-307

00:51:47.760 --> 00:52:11.550

Jenna Schornack: Sou sitwèb la, nou gen yon lyen ki eksplike politik pou lòbi yo. Mwen ankouraje nou ale sou paj sa olye mwen di nou tout detay yo nan bouch, men nou gen anpil enfòmasyon sou sa nou konsidere kòm otorize epi sou aktivite ki otorize yo espesifikman sou sa ki konsène lòbiyin.

308

00:52:13.980 --> 00:52:22.590

Jenny Adams: Èske verifikasyon eta finansye yo sou twa (3) lane obligatwa? Èske nou aksepte kont ki verifye yo pandan de (2) lane ak yon (1) lane pou kont ki pa verifye yo ?

309/310

00:52:27.930 --> 00:52:50.310

Talia Gibas: Odit la konsène sèlman kandida yo seleksyone kòm finalis yo. Si yo seleksyone nou ekip la ap travay nan kolaborasyon sere avèk nou pou rasanble dokiman ki nesèsè yo epi fè ajisteman nesèsè yo. Si nou gen de (2) lane odit oswa yon (1) lane ak dokiman finansye ki pa odite, sa pa diskalifye n, tanpri pa kite sa bare enterè nou genyen pou postile a.

311

00:52:54.030 --> 00:52:57.720

Jenny Adams: Èske fon yo kapab ede pou bay yon don?

312

00:52:59.820 --> 00:53:05.910

Talia Gibas: Ou pa ka itilize sibvansyon an pou kreye yon dotasyon.

313

00:53:09.120 --> 00:53:13.830

Jenny Adams: Èske gen Amerendyen nan panèl egzamen an?

314-317

00:53:15.810 --> 00:53:46.890

Jenna Schornack: Wi, nou gen manm nan panèl nou an ki idantifye yo kòm Ameriken Natifnatal oswa Endijèn. Objektif nou se pou n gen yon panèl divèsifye ak demografi, jewografi, konpetans yo epi ekspètiz sou defi an li menm. Nou kontinye ap ajoute jij nan panèl ekspè an pou li ka koresponn tou ak kantite demann nou espè resevwa.

318

00:53:49.800 --> 00:53:55.440

Jenny Adams: Èske ou kapab bay egzanp espesifik ak kisa siksè sanble an tèm mezi ?

319/320

00:53:58.530 --> 00:54:23.940

Jenna Schornack: Nou konte vrèman sou ou kòm kandida pou defini sa nou konsidere kòm yon reyisit. Nou pa vle se yon defi anwo anba kote nou defini ak kisa mezi siksè sanble, nou vrèman vle nou eksplike nan pwopozisyon nou an kòman nou konte mezire epi eksplike ak kisa enpak nou an ap sanble.

321

00:54:26.280 --> 00:54:30.210

Jenny Adams: Konbyen òganizasyon nou antisipe k ap patisipe?

322/323

00:54:32.790 --> 00:54:54.390

Jenna Schornack: Nou poko konnen, men n ap atann nou ak yon gwo patisipasyon pa rapò ak kantite patisipan nan webinè yo epi kantite enskripsyon nou genyen. Nou pa konnen konbyen enskripsyon k ap transfòme an demann konplè ki soumèt men n ap atann nou pou yon gwo kantite moun patisipe.

324

00:54:56.640 --> 00:55:07.110

Jenny Adams: Èske w kapab bay plis konsèy sou pri admisib endirèk yo? Èske yo t ap otorize pri endirèk yo egzije nan yon inivèsite si yon òganizasyon ki fè pati inivèsite a ta prezante yon demann ?

325-328

00:55:09.270 --> 00:55:35.580

Talia Gibas: Si nou ale nan aplikasyon an, n ap wè yon lyen pou politik pri endirèk yo. Nou vrèman ankouraje nou li dokiman sa pou nou familyarize nou avèk politik sa epi apresya si nou gen lòt kesyon oswa si n bezwen presizyon, voye yon imèl pou nou nan questions@racialequity2030.org epi n ap kontan ede w.

329

00:55:38.790 --> 00:55:49.800

Jenny Adams: Èske nou kapab itilize fon sa yo pou bay patisipan yo yon ti fr pou konpanse pri opòtinite yo an nan pwogram nou an, pase yo kapab travay oswa gen yon salè?

330/331

00:55:52.500 --> 00:56:01.200

Talia Gibas: Wi, ti frè pou patisipasyon nan pwogram la kòrèk e yo kapab entegre nan bidjè nou an.

332

00:56:06.270 --> 00:56:15.270

Jenny Adams: Mwen panse nou rete kèk minit, donk n ap fini ak kesyon epi repons yo epi kòlèg mwen yo ap konkli epi fè kèk dènye rapèl.

333-340

00:56:17.910 --> 00:57:33.060

Talia Gibas: Mèsi anpil, Jenny, epi mèsi ak tout moun ki te soumèt kesyon yo. Kèk dènye rapèl kòm konklizyon, si n ap panse ak kesyon anplis apre sesyon an, nou kapab voye yon imèl nan questions@racialequity2030.org. Si nou poko fè sa, tanpri konplete zouti preparasyon òganizasyonèl sa. Si nou santi nou solid, tanpri enskri pou pita Jedi 28 Janvye a 5pm Lè nan Lès. Nou dwe anrejistre pou soumèt yon demann. Nou ap mete anrejistreman ak transkripsyon webinè sa disponib pou tout patisipan yo pa imèl. L ap poste tou sou paj nouvèl ak mizajou sitwèb la epi sou fowòm yo nan pati dèyè platfòm nan. Jan nou te di sa nan kòmansman an, n ap pibliye tou tradiksyon transkripsyon webinè a an espanyòl, franse, kreyòl ayisyen, epi pòtigè nan anviwon yon semèn. Yon lòt fwa ankò mèsi paske w vin jwenn nou. Nou vrèman kontan pou n aprann plis sou efò nou yo epi m ap remèt li tou kout ankò bay Lever for Change pou kèk remak anplis pou fini.

341-343

00:57:34.770 --> 00:57:53.790

Jenna Schornack: Mèsi, Talia, Mwen repete tout sa Talia sot di yo la nan non Lever for Change ak W.K. Fondasyon Kellogg, mèsi anpil paske w te avèk nou jodiya epi pou enterè w pou Jistis Rasyal 2030. Nou swete nou bòn chans epi tanpri pa neglije kontakte nou si n gen nenpòt kesyon. Pase yon bon jounen.